ЖАНЭ КЪЫРЫМЫЗЭ



# СЫД ПАЕ?

ЖАНЭ КЪЫРМЫЗЭ



# СЫД ПАЕ?

*КӀэлэцӀыкӀумэ апае стиххэр*

КРАСНОДАР ТХЫЛЪ ТЕДЗАПІЭМ И АДЫГЭ ОТДЕЛЕНИЕ
Мыекъуапэ—1968

*Жанэ Киримизе Хаджимусович*

**ПОЧЕМУ?**

Стихи для детей

Редактор Х. А. Ашинов
Художник А. А. Паршин
Художественный редактор М. В. Евтушенко
Технический редактор У. П. Цей
Корректоры: Ш. Б. Казанчиева, С. К. Абрегова

Сдано в набор 21/VIII-68 г. Подписано к печ. 26/IX-68 г. Форм. бум. $70x90^1/_{16}$. Уч. изд. л. 1,7. Физ. печ. л. 2. Усл. печ. л. 2,34. Заказ № 3507. Тираж 1000 экз. Бумага типографская № 2. Цена 17 копеек.

Адыгейское отделение Краснодарского книжного издательства, г. Майкоп, Краснооктябрьская, 27.

Адыгейская областная типография управления по печати Краснодарского крайисполкома, г. Майкоп, Пионерская, 252.

## НАТУС

Мафэ къэсы ти Натусэ
Зыхэ-зыблэ зегъэгусэ.
Ышы цIыкIуи ежь Натуси
Аратыгъ бэу мыIэрысэ,
Ау Натусэ мэгъынагъэ:
— Сыдэу макIа къысIукIагъэр!
Тинэнэжъы щыпсы ешIы,
ЗэшыпхъуитIум Iахь афешIы,
Чэты кIэпцхэр язырызэу
Афырелъхьэ лэгъэ къабзэм.
ИIахь еплъышъ ти Натусэ
Ащ лъыпытэу зегъэгусэ,
Нэпсыр псыхъоу къырекIуты:
— Нахьы цIыкIур сэ къысаты...
Ти Натусэ цокъэ кIэпси
Джанэ хъунэу дэнэ псыпси,
МэфэкI мафэм къыфащагъэх,
Ауми ахэр шIомэкIагъэх,
Шэнычъэжъышъ ти Натусэ
ИкIэрыкIэу зегъэгусэ.
Къолэ-бзыухэр ащ дэхьащхы:
— Щыгъэт, гъыным о уеухы!
Чэтыужъри екIэнакIэ:
— Бэу емыкIум узекIуакIэ!



## ХЭТИ ИIОФ ГЪЭНЭФАГЪЭ

Хабзэ илъ тэ тиунагъо,
Хэти иIоф гъэнэфагъэ:
Нахь Iоф къиныр ешIэ сятэ —
Гъэстыныпхъэр къытфекъутэ,
Нанэ пстэуми тфэпщэрыхьэ,
Ишхын шIыгъэ Iум еткIухьэ.
Тэтэжъ пстэуми къытфэщафэ,
Тызыфаем тырегъафэ.
Нэнэжъ чэтмэ Iус ареты,
Чэтэщыпчъэр къырегъэты.
Сшыпхъу унэр зэIехыжьы,
ГыкIыгъэхэр къыпехыжьы.
СфэлъэкIыщтыр сэри сэшIэ,
Ар сэ пстэуми шъосэгъашIэ:
Тихьэ цIыкIу сэ сылъэплъэ,
Чэщи мафи ар къыспаплъэ.
Сэры-сэрэу пIэр сэшIыжьы,
Игъом сэкIошъ сэгъолъыжьы.

## Б Э Д Ж Э Ж Ъ Ы Й

ЫкIэ утысэхэу
Зыкъыблырегъэхы,
Зэрехьэшъ цы шъабэ
Иджэдыгуи фабэ.
Ыцэхэри чатэ,
Къемылырэр чэты.
Чыжьэуи мэпамэ,
Набгъоми еIабэ.
ТIэсхъэ лъыхъо макIо,
Iэджи зэдегъакIо.
ТхьакIумэр егъэкIы,
Лъэшэуи мэсакъы.
Ихъорышэрыгъэ
Чылэм хизы хъугъэ:
Ынэхэр егъэплIэшъ,
ЗэкIэм зыкъегъалIэ.
Шъэфэуи мэкIуашъэ,
Бэрэ хэушъыкIы,
Пшысэмэ ахахьэ,
Тхыдэмэ ахалъхьэ.
Баджэр ылъэкъуацIэу
ЫцIэр ащ тхьагъэпцIы.



## Л Э Ж Ь Ы Г Ъ А Ц

Тикъоджэгу икIрэ гъогум
Лэжьыгъацэ къытесэхы,
Сыфэсакъэу сIэгу илъэу
Сяни сяти есэгъэплъы.
— Къэбгъотыгъэр, о сишъао,
Лэжьыгъацэу псэо-тао,
Сенэгуе коцыцэкIэ, —
Сятэ макIэу къыхеIукIы.
— Коцы Iоф ащ зи иIахэп,
ХьамцIый нахь, фэшъхьафыхэп,
Нанэ сятэ пэуцужьы,—
Сятэ пае сыхъугъ плъыжьы...
Хэта язэу тезгъэфагъэр?
Зыщыщ лъэпкъыр къэзышIагъэр?!
Мыщы дэжьым зы сыгу къэкIы,
Лэжьыгъацэр къэзгъэкIыни
Зыщыщ шъыпкъэр зэзгъэшIэни,
ЯсIожьыщт сэ сяти сяни.



## ЕЛКЭ ЦIЫКIУ

Елкэ цIыкIур пчэгум итэу
Орэд чэфым зедгъэIэтэу
Зэдедгъэаштэу тэ тэджэгу,
Тэ тытео лъэшэу Iэгу.
Жъогъо плъыжьыр елкэм тесэу
Мысысыхэу дахэу къепсы,
Дышъэпсыри къырекIуты,
Зэрэунэу къегъэшIэты.
Елкэ тамэм сурэтишъэ
Хъирахъишъэу щэIушъашъэ.
Тыкъу-рикъоу тес атакъэ,
Егъэжъынчы ащ ымакъэ.
Къогъупэхэм къакъокIыгъэу
Псэушъхьабэ щыолъэгъу.
ЖэкIэ кIыхьэу пчэныр къашъо,
Мышъэжъыри мэушъуашъо,
Бэджэжьыери къэкIуашъэ,
ЗыIукIэрэм еIушъашъэ,
ТхьакIумкIыхьэм зыкъеплъыхьэ,
ПкIэтэ-лъатэу зырегъэхьы,
Тыгъужъ нэплъыр къыкъолъэты,
Бырысырыр ащ къеIэты...
ИIалъмэкъи зэпэдзэкIэу
Елкэ чIэгъым лIыжъ къычIэкIы,
IэшIу-IушIухэр зэрфэIэтышъ
Шъауи пшъашъи пстэуми ятэ.
Елкэ цIыкIур пчъэгум итэу
Орэд чэфым зедгъэIэтэу
Тэ тытео бэрэ Iэгу,
Зэдедгъэаштэу тэ тэджэгу.



## СЫД ПАЕ?

— Тичэтыу сыд паекIэ
ЫпакIэхэр псыгъоу кIыхьэ?
— Тичэтыу ыпакIэхэр
Гъуазэ фэхъух, антенн папкIэх.
— Атэкъэжъ исыдж плъэгъугъа,
Ар ащ сыдыкIэ ищыкIагъа?
— Атэкъэжъ исыдж имажьэу
АщкIэ зежьы, зэупхъужьы.
— Адэ сыд пае типчэны
ЖакIэу тетыр папцIэу ины?
— ЫжакIэкIэ зышIошIыжьы,
Дэхэ дэдэу зелъытэжьы.
— Хьэм сыд пае лъэкъуиплI иIа?
ЗыкIэмитIур сшIэрэп ныIа?!
— ТхьакIумкIыхьэм сыд паекIэ
ЦIыкIужъыеу пакуа ыкIэ?
— ТхьакIумкIыхьэр къызэхъукIэм
Хьэ бзаджэмэ пачыгъ ыкIэ!



## ЫЦIЭ ЗЭРЕIОЖЫ

ИпэIо папцIи
Шъхьащыгурыса,
ЗигъэтхьагъэпцIэу
Чъыгышъхьэм иса.
Ежь имынабгъо
ЗыфегъэIагъо,
ИкIэнкIэ ренэу
Ехьышъ къыренэ.
НэмыкIы бзыумэ
Ищыр къырацы,
ЕтIани пстэуми
Ар адэхьащхы.
Ежьыр-ежьырэу
ЫцIэ реIожьы,
Быбызэ чыжьэу
Чыжьэу ашIэжьы.
Чъыгышъхьапэ уджэу
Хьаблэр къегъаджэ,
ИпаIо папцIэу
Чылэр егъапцIэ.

## УФАЯ, ТЭТЭЖЪ, УБЫБЫНЭУ?

— О, тэтэжъыр, убыбынэу
Огу къаргъом ущесынэу
Уфаемэ къыосэIо,
Мо сабгъукIэ къэтIыс сэIо!
— Сыбыбына жъы сыхъугъэу
Илъэсишъэ сэ згъэшIагъэу!
— Армэ титIо тыбыбыщтышъ,
Мо джы дэдэм зытIэтыщтышъ,
О пхъэнтIэкIум утемзынэу
Тес тэрэзэу умсысынэу.



УнапIэхэр о зэтелъхьэ,
Тызэрысыр тэ жьы къухьэ!
Пытэу рулэр къэсэубыты,
Мары мазэри къэлъагъо,
Жъогъо бынхэри тпэблагъэх.
Ситэтэжъ, о тIэкIу укъащта?
О плъэгъурэр къыпфэIощта?
— Тиунапчъэ сэ сэлъэгъу,
Тихьагъожъи къупшъхьэм егъу.
— Ситэтэжъ, о пкIэ уиIахэп,
Убыбынэу угу хэлъыхэп.



## ТЫГЪЭГЪАЗЭ

Тыгъэм ренэу зыдегъаззэ,
Ащ фэшI раIо: «тыгъэгъазэ».
Шъхьэу ащ пытэр зэрфэIэтэу,
Ыцэ инхэр фэмылъытэу
Тхьэпэ гъожьхэр—идэбжъыкъух,
ПкIашъэу пытхэр — иныбжьыкъух.
Ылъапсэхэм чIым хауты,
Ыпкъ лъэкъымэу пытэу щэты.
Тэмэ хъущэр къеблэблэхы,
МэIэшIури ащ къапехы.
Игъо зыхъукIэ дагъэ хащы,
Дагъэм щыщ тэ къытфащэ,
Шхыныгъуиблы ахьышъ халъхьэ,
Гъомылапхъэр къешIы гуахьэу.
Ли щэлами къырагъажъэ,
Нэнэжъ кIекIэ ар къояжъэм,
Картошкэри рагъэлыбжьэ,
ИщыкIагъ ар бжьынылыбжьэм.
ҚIэнкIэжъапхъэр къегъэшэплъы,
Зышхрэ пстэури нэгушъхьаплъы!

## ЛАМЖЪЫЕ КЪЕХЪУЛIАГЪЭР

Зэ зымафэ Ламжъые
КъехъулIагъэр гъэшIэгъоны,
Ецэгъузэ хьалыжъыем
IуикIыкIыгъ ащ цэпэшIуанэр.
— Мыдэ! — еIошъ кIалэр маджэ,
Быныр гуIэу зэкIэтаджэ.
КъехъулIагъэр къафеIуатэ,
Щытых зэкIэ яни яти,



— Iофэп, — аIо, — ащ ычIыпIэ
КъэкIыжьыщт кIэу цэ пытэ...
КъыраIуагъэр ышIошъ мэхъу,
Ауми макIэу шъхьакIо щэхъу:
— Сцэ сыд пае сыфэмсакъи,
Хьалыжъыем сэ сецакъи!



## ТЭТЭЖЪЫМ ИКIУАКI

Тэтэжъ гъогум зытехьакIэ,
ГъэшIэгъоны ащ икIуакIэ:
Ылъакъохэр псынкIэу едзы,
Ылъакъохэр чыжьэу едзы,
Уригъусэу узежьэкIэ,
УкIэхьащтэп шIурышIукIэ,



Ыуж уитэу учъэн фае,
Армырмэ кIэхьагъуае.
Мафэ горэм нэнэжъ дэжьы
Пхъорэлъф кIалэр кIонэу ежьэ.
Ащ тэтэжъыр гъусэу хехы,
КIалэм къеIо: «Тегъажь, шIэхы!»
ТIури гъогум зэдытехьэ,
КIалэр псынкIэу къызэIуехьэ.
Лъэубэкъу закъо тэтэжъ зишIкIэ,
КIалэм екIу лъэубэкъуищкIэ.
— О, тэтэжъыр, — кIалэр маджэ, —
Уилъэубэкъухэр бэу мэхъаджэ!
УкIошъущтба нахьы макIэу?
УагъэшIагъэп зи о кIуакIэ!
КъыщегъакIэ тэтэжъ икIо,
Зэбгъодэтхэу тIэкIурэ макIох.
Ау етIани щэгъупшэжьы,
Тэтэжъ кIорэу еублэжьы.
Ащ мо кIалэм ыгу къегъэплъы,
Итэтэжъи лъэшэу еплъы:
«О слъэгъурэр пшIэрэп кIуакIэ,
УсшIыжьыщтэп гъогогъу сшъхьакIэ».

## КЪАЗ

Джанэу щыгъыр фыжьы,
Ицуакъэхэр плъыжьы,
Ыпшъэ кIыхьэшъ-кIыхьэ,
ЕIэтышъ зеплъыхьэ.
ПсыутIэр икIасэу
Ыпэ цацэ хесэ.
Есыным фэIазэшъ,
ПсынкIэу зыкъегъазэ,
ЗешIышъы жьы къухьэу
Дахэу зырегъахьы.

Тыгъэр къызэрепсэу
ЕшIэ чIэгъырысэ.
ПсынкIэу псыр пэчъыжьы,
Гъушъэу псым хэкIыжьы,
IэшIу-IушIу лъэхъу,
Бэрэ уцыр ехъу,
Ытамэ егъэкIышъ
ФэIазэу мэкIыи.
Зыгъэгубжрэм фелъы.
Цэу ащ тетыр шъабэ,
ЧыхIэнкIэ пшъхьапэ.

## ПХЪЭ ЗЭПЫХЫКІЭ
## ЗЭСЭГЪАШІЭ

СипхъэхыкІэ
Сэ сэубытышъ
ЫзыбгъукІэ
Зыкъесэты.
Къэскъудыймэ
Скъудыижьзэ,
Пхъэмбгъужъыер
Зэпысэхы,
Псыгъуи гъуми
Зэгосэхы.
Ар кІэзэзэу
Къэсэгъабзэ,
СыкІэдэІу
Ипхъэхыбзэ.
Ижъгъыу-сыуи
Чыжьэу мэІу,
Пхъэм ецэгъу,
Пхъэр еуІу,
ЗэфэдитІоу
Зэгуегъэзы.
СипхъэхыкІэ
Сэ Іоф сэшІэ,
ЗэпыхыкІэ
ЗэсэгъашІэ.



## ТЭТЭЖЪЫ ИЛУЛ

Ситэтэжъы ежь ышІыгъэу
Лулэ иныр къырехьакІы,
Тхыпхъэ пчъагъэ
къешІэкІыгъэу
Зэпэжъыу илулакІэ.
Чэщи мафи ренэу кІэшъу,
Зэпмыоу тутын ешъо.
ИешъуакІэ бэрэ сеплъы,
Салъэныкъуи тэтэжъ къаплъэ.
Илулашъхьэ машІор къепсы,
Іугъо псыпсыр зэлъетІупщы.
Унэ кІашъом макІошъ нэсы,
Хъытыу пІонэу зезэрэщэ.
Іугъор тэтэжъ ыкъудыеу
«Паф» ригъаІоу
къызитІупщкІэ,
Хьалыжъыеу зиухъурэеу
Мэчэрэзышъ зэбгырэкІы.



Лулэр тэтэжъ зыIуимыхэу,
Iугъор пщагъоу
къышъхьарихэу
Унэм екIы, къегъэзэжьы,
Сэри ренэу сит ыужы.
СшIэ сшIоигъоу сыкIэхъопсы,
Сэ згъэшIагъоу сегупшысэ:
— Лулэ пакIэр IэшIун фае,
Ау щымытмэ сыды пае
Ситэтэжъы зэпымыоу
Iулъа лулэр зыIуимыхэу?
ЗэзгъэшIэнэу иIэшIугъэ
Мурад пытэу сшъхьакIэ
сшIыгъэ...
Ары шъхьае таущтэу хъущта,
Ситэтэжъы къысфидэщта?!
Гъунэгъу горэ тэ тиунэ
Къехьэшъ псынкIэу
тэтэжъ рещы.
Лулэр столым къытыренэ,
МашIор макIэу ащ къыхэщы.
ЗызгъэлIыпэу сыкъекIуалIэ,
ЗыIусэлъхьэшъ секъудыи...
СлъэкIэпIитIуи къэкIэзэзы,
Сыгу зэIэхьэ, шъхьэр къэузы,
Сыпыразэу сыкъытефэ,
Сыжь къеубыты,
псэр сихьафы...
Тэтэжъ псынкIэу къегъэзэжьы,
Ар ерагъэу сэ сэшIэжьы,
Къехьышъ ащ псэр
къысIуегъафэ,
СынэтIашъо Iэ къыщефэ:
—Мо джы дэдэм упсаугъи,
СитIыхъу цIыкIур,
сыд къэхъугъи?
Врачы Iазэ къэзгъэсына,
Хьаури ыдэжь уязгъэщэна?
«Хьау, тэтэжъыр, сэ сэхъужьы,
Ау о пкIэнчъэу зыостыжьы.
Сыды пае тутын дыджэу
МыстхъумылIым о уешъора?
Хэты мыгъор уигъэлIэнэу,
Ситэтэжъ, о къыпфежьагъа?
Умышъожь о ащ нахьыбэ!
Къыостыщт о укIэшъунэу
СиIахь щыщэу конфетыбэ,
СыолъэIу къыздэпштэнэу».

## ДЖЭГУКIЭ

ЗэшыпхъуитIур —
Шъхьац блэгъитIур
Зэфэчэфхэу,
Зэдэджэгух.
Къачъэх, къалъэх
Къангъэбылъы
КъызэдешIэх,
Ащ егъэпшъых,
Ащ езэщых.
Нахьы псынкIэу
Ащ джэгукIэ
Ежь якIасэу,
Къаугупшысы.
Пшъашъэр пшъашъэм
ЕIушъашъэ:
— Зы тэгъашIэ,
О пшъхьац благъи,
Сэ сшъхьац благъи,



Пытэ-пытэу
ЗэпытшIэни
Шы цIыкIу фэдэу
Тыкъэчъэни,
Ар джэгукIэ
ГъэшIэгъони!
Аущтэу ашIы,
Ашъхьацыхэр
Пытэ дэдэу
КъызэпашIэ.
ТIури чэфых,
ХэгушIукIых:
— Тыгъолъыжьми,
Тыкъэтэджми
ТитIо ренэу
Тызэгъусэу,
Темызэщэу
Тыхэтыщт.
Джар аIозэ,
Къыздизыгъэр
АмышIахэу
Къыкъолъэтышъ
ГучIэр рихэу
Хьэр къэхьакъу.
ТIуми зэкIэм
Апсэ Iозы,
СэмэгумкIэ
Зым загъазэ,
ИжьабгъукIэ
Адрэм кIеIэ.
Ау ашъхьацхэр
ЗэпышIагъэшъ
Зы лъэубэкъуи
Рамычышъу.
Анэпсыхэр
КъыкIэтэкъу,



Ягъы макъи
Чыжьэу мэIу:
— Сыда тшIэщтыр?
Сыда хъущтыр?
Янасыпти
Зы куп щытти,
Хьэжъы бзаджэр
Агъэщтагъ,

Ащ ашъхьацхэу
ЗэпышIагъэр
ЕI-къеIэжьхи
КъатIэтагъ.
...КъяхъулIагъэр
Ащэгъупшэжьы,
Яджэгуни
Ащ падзэжьы.

## АТАКЪЭ

«Тыркъу-рикъу»,
Тыкъу-рикъу!» —
Тиатакъэ
Чан ымакъэ.
Сыхьат дэгъум
Дырегъаштэ,
Сыхьат дэир
Ащ егъащтэ.
Чэщыныкъом
Къытфыхедзэ,

Нэфышъагъом
ИIо педзэ.
Лъэпэ чатэу
Чэт-тхьаматэу
Ар лъэбыцэу
Ыпэ папцIэ.
Исыдж мажьэ,
Дышъэ мэIоу
Маджэ маджэ,
МэкъэгъэIу.

## ГЪЫРЫН

Ащ Iэгуаор зэрэтефэу,
Гъынэу къежьэ узэщифэу,
Гъымэ-гъызэ мэIупчъапчъэ,
Хьаблэм хэсыр ыдэжь къачъэ
«Шхэ» раIомэ зырегъанэ,
ЦIыкIуи ини агъэшIагъоу
Гъызэ нэпсэу ыгъэчъагъэм
Гъэтхэ псыхъор къырегъэкъу.



## АДЫШЭСРЭ БЗЫУМРЭ

Мэфэ реным къэмыIасэу
Хъот-борэныр зэрелъасэ,
Бгъагъи мэкъуи алъэIэсы,
Ащ чъыгыби егъэсысы.
Адышэси унэм еплъы,
Iэгум щыхъурэм ар къыхаплъэ.
Зы бзыужъые Iэгуау папкIэу
Шъхьаныгъупчъэм къеутэкIы.
Адышэси псынкIэ-псынкIэу



ГуIэм хэтэу бзыум лъекIы...
ПIыкIэжьыгъэу ар къепхъуатэ,
Унэ фабэм къырелъасэ,
Фэсакъыпэу ащ Iэ щефэ,
Псы ткIопс фабэу къыIуегъафэ.
Фыгуцэхэр регъэшыпы,
ПIэстэ шкъоим егугъупэ.
ЧъыIэ лIэжьрэп, зыкъеIэты,
Ынэ цIыкIухэр мэжъыутэ,
Ытамэхэр къызэкIещы,
Ыбзи чэфэу джы къетIупщы.
ПкIатэу, лъатэу хэбыбыкIы,
Адышэси щэгушIукIы.
Бзыужъыер гъатхэ нэсы
Адышэсы дэжь регъэсышъ,
Иныбджэгъоу етIупщыжьы,
— Гъогумафи! — кIэлъеIожьы.
Ау ащ кIалэр ымыбгынэу,
Инэплъэгъу имыкIынэу,
Унэ блыпкъым набгъо щешIы,
Адышэси благъэу ешIы:
Мафэ къэси зэрэлъэгъух,
Мафэ къэси зэрэшIэжьых,
ЗэфэгушIоу зэпэгъокIых,
Зым адырэр фэгумэкIы.

### АЗМЭТ ШКОЛЫМ ЗЭРЭКIУАГЪЭР

Азмэт цIыкIум ышыпхъу Зази,
Ежь нахьыжъэу Рэмэзани
Мафэ къэсми школым макIох,
«Ахэр, — аIо, — джы еджакIох!»
— О уеджэнкIэ джыри жьыIо,
Уныбжь макIэ, — нанэ къеIо.
Азмэтыр изэкъуабзэу





Ным къыренэшъ унэм екIы,
КъырашIэрэр ащ гухэкIы.
Азмэт цIыкIур чIыпIэ имысэу
Джы ышIэщтым егупшысэ:
«Мафэ къэси сшыпхъу Зази,
Сшынахьыжъэу Рэмэзани
Къоджэ школым чэфэу макIох,
Ащ афаIо: «Джы еджакIох!».
«СыкIощт школым сэ сизакъоу,
Джа сыныбжь сэ зэримыкъоу»...
ПхъэнтIэкIу щахьым ар теуцо,
Тхылъ мэкIаем кIэрэуцо,
Тхылъы иным ащ ыгу еIу,
ЫблыгучIэ къырегъэкIу.
КIалэр псынкIэу унэм къекIы,
Школым занкIэу феузэнкIы.
Ащ букварэу тхылъыр шIошIы,
Ау ятэ исловарэу
Мафэ къэсми Iофы дешIэ...
Азмэт цIыкIур лъэтемытэу
КIэлэ чэфмэ ахэсыхьэ
ЕджакIомэ зэрахэтэу
Классым ехьэшъ ахэтIысхьэ:
— СыкъэкIуагъ сэ мыщ седжэнэу
КIэлэ пстэуми сафэдэнэу.

## ЫПЭ ШIОДАХ

Титхьачэтыхъу
Ищытхъу регъэхъу,
Ыпэ шIодахэу,
Фэдэ щымIахэу
Бэмэ ареIо,
Чыжьэу егъэIу,
ЗэмкIэ дехьые,
ЗэмкIэ рехьыхы.
Лъэшэу зигъэпщэу
Къэбар етIупщы:
— Спэ идэхагъэ,
Спэ иинагъэ
Зэ ыгу мыIасэу
Пилэр къехъуапсэ!



## ЗЭТIУАЗЭХЭР

Мафэ къэси зэгъусэхэу,
А зы чIапIэм имысыхэу
СэшIэ кIэлитIу зэтIуазэхэу
ГъэшIэгъонхэр зэраIохэу.
Рэмэзанрэ Iащымэзрэ
Iащымэзрэ Рэмэзанрэ —
Джахэр ацIэх зэтIуазэмэ,
Зыр адырэм фэдэкъабзэшъ
КъэшIэгъуае Iащымэзыр,
ШIэжьыгъуае Рэмэзаныр,
Зэфэдэхэшъ зэхэкIуакIэх,
Ау зэтекIых, яшэныкIэ:
Бэ къыIощтыр Рэмэзанэ



Іазэшъ-Іазэ къэбарыкІэ,
Жьы кІэтышъы Іэжьы-лъэжьы,
ПІофытэмэ еужьыры.
Бэрэ бэрэ Рэмэзанэ
Ышы риІоу зэхэохы:
— Седжэ хъумэ сяти сяни
Згъэразэхэу къэсхьыщт тфыхэр...
Іащымэзы ишэныкІэ
НэмыкІ шъыпкъ ар, мэкІэ-макІэу
МэгущыІэ, икІуакІэкІи,
ЫмакъэкІи лІыжъы пшІошІы.
— Сэ, ащ еІо, — ины сыхъумэ
ІэшІу-ІушІухэр бэу сщэфыщтых,
Сыныбжь икъоу седжэ хъумэ,
«Щыхэр», «тІухэр» сэ къэсхьыщтых
Ерэдж фаер тфызакІэкІэ,
Бэу къин дэгъоу уеджэныкІэ,
ЕджакІохэр мэтхьаусыхэх,
Тфы къамыхьмэ нэпс рагъэхы...
Мафэ къэси зэгъусэхэу
А зы чІапІэм имысыхэу
СэшІэ кІэлитІу зэтІуазэхэу
ГъэшІэгъонхэр зэраІохэу...

## ЗЫКІИ ЩЫНАГЪОП!

«Уцу» зыфаІорэр зыкІи ымышІэу
Зы кІалэ унэм ренэу щэхъушІэ...
Хьэ цІыкІум еошъ ар егъэхьакъу,
Чэтхэр рефыжьэшъ зэлъегъэкъакъэ,
Зыфырикъущтыр еІэшъ реуты,
— Зэ уцу кІалэ! — раІозэпыты, —
Тэ тимилицэ бзаджэр еубыты,
Умыуцущтмэ, уиІоф етэты!





Изакъоу кІалэм чылэр къекІухьэ,
ЗэкІэ урамхэр къызэпечъыхьэ,
Къогъоу ыгъотырэм зыкъуегъэбылъхьэ,
Яти ащ лъыхъузэ зыкъыфеплъыхьэ...
Аузэ зы мафэ кІалэр мэгъуащэ,
ЫІэ аІыгъэу милицэм ащэ...
Мо кІалэр щтагъэшъ джы мэгъынагъэ,
Милицэ унэм къырагъэблагъэ.
Ащ ынэ цІыкІухэр къышІочэрэзы,
ГучІэр изыгъэшъ ышъо къыпэзы.
Дахэу Іэ щафэ, шхыни къыфахьы,
Конфеты ІэшІуи ыпашъхьэ ралъхьэ,

Джэголъэ пчъагъи ратышъ мэджэгу,
Щыгъупшэжьыгъ ащ яунэ Iэгуи...
Милицэ унэм янэ къынэсы,
Джэгурэ кIалэм псынкIэу зыресэ:
— Мо унэ шIагъом сэ сыгу еIу,
Сыкъэуцунгоу, синан, сэ сэIо...
— Милицэр! шъуIозэ сэ сышъогъащтэ,
Милицэ унэр сыгукIэ къэсэштэ!
Милицэ унэр зыкIи щынагъоп,
Фэдиз джэгуалъэ илъэу слъэгъугъэп!

## ПЧЭНДЭХЪУ

Хэгъэгу чыжьэр къебгынэжьы,
Талъэныкъуи къегъэзэжьы.
Гъатхэр кIыгъоу къызыдещэ,
Иорэди кIырегъэщы,
Иунагъэр къегъотыжьы,
ХэгушIукIэу епсыхэжьы.
ИпсэупIэ дэмышъхьахэу,
Къэбзэ-лъабзэу къызэIехы.
Бзыубэмэ запешIыжьы,
Зэхихыгъэр къеIотэжьы.
Чъыги сади афэплъыры,
ПкIэшъэхъухэр зэлъедыры,
ЦIыфым фэдэу хэшъуикIы,
Псыхъом дахэу зыщегъэпкIы.
Исабыйхэр къегъэгъунэ,
Къэрэгъулэу Iус иунэ,
Бгъэжъыр къилъмэ зегъэчъэхъу,
Мышъхьахыжьрэр пчэндэхъу.



## СИI СЭ ЗЫ МЫШЪЭ...

Лъэкъо хьанцэжъэу сиI сэ зы мышъэ,
Унэм имыкIэу мачъэ, мэушъы,
УнкIыбзэ цIыкIукIэ сэ ар сэгъэпсы,
Столым етIыргушъ, ар егъэсысы.
УнкIыбзэм ишъэф ыIэ зэрихьэу
Ежьэщт ар лъэшэу зышIобэлахьэу.
Ащ фэшI ункIыбзэр IэкIэмыфэнэу,
Шъэфэу ащ пылъыр ымышIэхэнэу
Сыгъолъыжь къэси сэ сэгъэбылъы,
Сэ сипIэшъхьагъы пытэу чIэсэлъхьэ.

## КЪУТЭМЭ ГЪУГЪЭХЭР

Тэтэжъым садыр къызэпекIухьэ,
Чъыгыхэр зэкIэ къызэпеплъыхьэ...
Хьамлыу набгъохэр къахешыпыкIы,
Къутэмэ гъугъэр еIэшъ пеупкIы...
КIалэр тэтэжъым дэжьы къыIохьэ,
Ыпашъхьэ итэу лъэшэу Iоплъыхьэ:
— Къутэмэ гъугъэр уеIэшъ пэохы,
Чъыгымэ, тэтэжъ, лые яохы!
—Хьау,—еIошъ тэтэжъ джэуап къетыжьы,—
Чъыгы сымаджэр сэ сэгъэхъужьы:
Къутэмэ гъугъэм иягъэ къакIо,
Ащ чъыгы псаор къызэщегъакъо,
Къыщэн фэежьым бэу къыщегъакIэ,
Игъомылапхъи нахь къегъэмакIэ.

### АДЭ ХЭТЫ МЫР КЪЫШIЭН?

Тыгъэнапэр икIуапIэу,
Ар ыгъотмэ игуапэу,
МакIэу орэд хеIукIы,
Ылъабжъэхэр елъэкIы...
КIэнкIэ къыхьмэ мэкъакъэ,
Шъхьасыхэрэп ымакъэ.
«Шъуеплъэлъ, кIэнкIэр бэу иныI
ФашIэ иIэу ар шхыны!
Ар, кIалэхэр, шъосэты,
Iусыр хъоеу сэгъоты».
Чъыгы щытмэ, дэкIуае,
Пчыхьэ хъумэ, мэлъае.
Ишкъун чэщрэ ипкIыхьэу
Iэгур мафэм къечъыхьэ,
ЗэрилъэкIэу мэшыпэ,
Зи къелыщтэп ащ ыпэ.

### МЭЗЫМ ИКЪЭБАР

Мэзпэсы лIыжъым гъэмафэу
Ипхъорэлъф кIалэр зы мафэ
Игъусэу мэзым рещажьэ,
Игуапэу кIалэр дечъажьэ.
Мэзышъхьи мэзыпи къакIухьэ,
Чъыгыжъи чъыгыкIи къаплъыхьэ,
Бэщыпхъи ащ къыхагъуатэ,
Къэбархэр къызэфаIуатэ...
Мэзпэсы лIыжъым фэIазэу
Пхъорэлъфыр джы егъэгъуазэ:
— Мы чъыгыр пытэ, хэшъае,
Анахьы лъагэр—пхъэшъабэ,



Ышъхьапи огум еIабэ...
Мы чъыгы иныр къужъае.
Ащ къыбгъодэтыр зэрджае.
УасIорэм, кIалэ, гу лъытэ,
Пшъхьапэн о къыпфэсэIуатэ.
...ТIуми тIэкIу загъэпсэфынэу,
Мэзым ижь зыIуагъэхьанэу
Гъэхъунэ дахэ къыхахы,
Бзыу мэкъэ жъугъэ зэхахы...
Ылъэгъурэ пстэури шIогуахьэу
Пхъорэлъфыр тэтэжъ Iоплъахы:
— А, тэтэжъ, ренэу мы мэзым
Чэщи мафи угу фэузы,
УиIахэп щэхъурэ гугъуи,
ФэоIо орэды дэгъуи.
ЫIупшIэ егъэхъублаблэшъ
Мэзпэсы лIыжъым къеублэ:
— Федабэ мэзым къыпэкIы,
Хэгъэгур ащ хэбаикIы,
Чъыгым ишIу къыщызэпахы,
Псэолъэпхъабэ къыхахы,
Пхъэмбгъу пытэхэр хабзыкIышъ
Пчъи шъхьаныгъупчъи къыхэкIы,
Тиунэ лъэгухэм арадзэ,
Лъэмыджы пчъагъэу зэпадзэ.
Бэ сэIо мэзым ишIуагъэ,
Федэу ащ пылъыр пшIы пчъагъэ:
Щылычы бзыумэ яжьыфи,
ОтэкIи, пхъэнтIэкIуи шкафи
КъэкIуапIэу яIэр—мэзы,
Ащ пае сшIырэп нэрызы:
УасIорэм, кIалэ, гу лъытэ,
Пшъхьапэн о къыпфэсэIуатэ.
Къухьэм ызыщани пхъэзакIэ,
ШыкIэпщынэри пхъэцакIэ,
Чъыгыкум раутхъубыкIышъ

Къуашъуи Iэлъэшlуи хашlыкlы...
Пкъэухэр зэгуагъэлэнтхъы,
Аухъурэишъ щэрэхъы,
ФэIазэм ешlы пхъэчае,
ЗэхэпIулlэмэ—лъэуе...
Мэзыр дэгъумэ бэу пшъхьапэ,
Мэхъу ар цIыфым ышъхьапэ.



УасIорэм, кIалэ, гу лъытэ,
Пшъхьапэн о къыпфэсэIуатэ.
Сырныч налъи къамлани,
Тхылъыпlэ фыжьи пхъэIуни
Чыймэтэ шlыгъи пщынабзи
Тэу къытэзытырэр тимэзы.
Мэзы шъолъырым зеIэты,
Огъум игъогуи еубыты.
УасIорэм, кIалэ, гу лъытэ,
Пшъхьапэн о къыпфэсэIуатэ.
Мэзым итхыдэ пысэдзэ,
Орэдым къыпфыхэсэдзэ:
Бзыумэ набгъо щагъаIэ,
Мышъэмэ унэу ар яIэ.
Пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр щэбагъо,
Цумпэ плъыжьыхэр щэтlыргъо.
Мэзым чIыр къегъэныбжьыкIэшъ,
Хэгъэтlысхь ори чъыгыкIэ.
СихьатIыхъу, о ины ухъумэ,
Фэсакъэу мэзыр ухъумэ.
ОсIуагъэм, кIалэ, гу лъытэ,
Угу иубыт ар о пытэу.

ДЭТХЭР


Натус . . . . . . 3
Хэти иIоф гъэнэфагъэ . . . 4
Бэджэжъый . . . . —
Лэжьыгъац . . . . . 5
Елкэ́ цIыкIу . . . . . 6
Сыд пае? . . . . . . 7
ЫцIэ зэреIожьы . . . . 8
Уфая, тэтэжъ, убыбынэу? . . —
Тыгъэгъазэ . . . . . . 10
Ламжъые къехъулIагъэр . . 10
Тэтэжъым икIуакI . . . . 12
Къаз . . . . . . . . 13
Пхъэ зэпыхыкIэ зэсэгъашIэ . . 14
Тэтэжъы илул . . . . . 15
ДжэгукIэ . . . . . . 16
Атакъэ . . . . . . . 18
Гъырын . . . . . . . —
Адышэсрэ бзыумрэ . . . . 19
Азмэт школым зэрэкIуагъэр . . 20
Ыпэ шIодах . . . . . . 22
ЗэтIуазэхэр . . . . . . 23
ЗыкIи щынагъоп! . . . . . 24
Пчэндэхъу . . . . . . 26
СиI сэ зы мыщъэ . . . . 27
Къутэмэ гъугъэхэр . . . . —
Адэ хэты мыр къышIэн? . . . 28
Мэзым икъэбар . . . . . —